ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№183 (22.091) ● 2011 гъэм фокІадэм (сентябрьм) и 30, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Кавказ джэгухэм» хэтынухэр Къанокъуэ Арсен трегъэгушхуэ

ФокІадэм и 30-м щыщІэдзауэ жэпуэгъуэм и 2-м пщІондэ Черкесск щекІуэкІыну «Кавказ джэгухэр» 11 фестивалым хэтынухэм КЪР-м и Президент Къанокъуэ Арсен хъуэхъукІэ захуигъэзащ.

АБЫ КЫЫХИГЪЭЩАЩ«Кавказ джэгухэр» фестивалыр социальнэ мыхьэнэ зиІэ иджыри зы проектэ эзэрыщытыр икІи лъэпкъ спорт лІэужьыгъуэхэмрэ щІыхь зэ творчествэмрэ зегъэужьыным къыщыхэмыщІауэ, псом щыхьэраруэ, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэухэр зэкъуэгъэуэвэныжкІэ, мамырыгъэмрэ гъунэгъуфІагъымрэ пхыгъэкІынымкІэ абы унэтІыныгъэ лъэщ зэриІэр.

«Ди командэр текІуэныгъэм хуопабгъэ, - кІыхигъэщащ КЪР-м и Президентым. - Дэ хуабжьу егупгъуу зэхьэзэхуэм зыхуэдгъэхьэзыращ - республикэм и щІыпІэ псоми кІызэрыхах зэпеуэхэр щекІуэкІащ икІи спортсмен нэхьыфІхэр абыхэм щагъэбелджылащ. Сыщогугъ абыхэм ехьулІэныгъэ кІыгъуахьыну.

Зэныкъуэкъуныгъэр, зэпеуэр щІалэгъуэлэм я хьэл дахэщ, пашэныгъэм хущІэкъур игъэпажэу. Фэ фщыщу хэт нэхъ лъэщми, Іэкъуэлакъуэми, бэшэчми зэхьэзэхуэм зэхигъэкІынущ. ФытекІуэну дэтхэнэ зыми сынывохьуэхьу. Псом ящхьэраци, сэ сызэрепльымкІэ, щІалэгъуалэм Іэмал яІэнущ и ІэзагъымкІэ, гупсысэхэмкІэ, Іэхъу епльыкІэхэмкІэ абы щызэхъуэжьну, гъунэгъухэм я зэхэтыкІэмрэ хабзэмрэ зрагъэщІэну, къыщалъхуэ щыпІэм, къызыхэкІи лъэпкъым, зыми емыщхь я щэнхабзэм иригушхуэну, ныбжьэгъущІэ куэд зрагъэгъуэтыну. Абыхэм я мыхьэнэр зыкІи нэхъ мащІэкъым спорт екъулІэныгъэ инхэр зыІэрыгъэхьэным нэхьр».

КЪР-м и Іэтащхьэм адэкІэ ягу кІигъэкІыжащ «Кавказ джэгухэр» 2014 гъэм Сочэ щекІуэкІыну щымахуэ Олимп Джэгухэм и щэнхабзэ программэм и зы Іыхьэу зэрыщытыр икІи абы хэтыныр лъэпкъ, дин зэхущытыкІэхэр гъэбыдэным, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэухэм я псэм и кІуелэягъэр гъэбэгъуэным спортсменхэм я хэлъхьэныгъэ ину зэрыувыр.

ХЬЭТАУ Исльам.

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Электрон Іэмалым хуокІуэ

КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм фокІадэм и 27-м пригъэкІуэкІащ республикэм и гъэзэщІакІуэ властымрэ щыпІэ самоуправленэмрэ я Іэнатіэхэм я дІыкІуэхэм я щІэныгъэ-практикэ семинар.

ФИГУ къэдгъэкІыжьащ, цІыхухэм хуащІэ къэрал Іуэхутхьэбзэхэр жэпуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ властым и федеральнэ, щыпалъэ, щыпІэ органхэм я зэдай электрон зэпыщІэныгъэ ІэмалымкІэ зэфІагъэкІынущ.

Семинарым щытепсэтыхьащ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я кІыызэгъэпэщыкІэм теухуа федеральнэ законым зэрыщыбубзыхуам тету Іэнатіэхэр зэрызэдэлэжьапхъэ щыкІэм.

ЕгъэджэныгъэР министерствэм и Іэщ1агъэлІэхэм ирагъэкІуэкІащ, абы хэтахэм чэнджэщ щхьэхуэхэр ирагъащ, къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр щащІэкІэ Іэнатіэхэм я зэдэлэжьакІэ Іэмалхэр гурагъэІуащ. КъызэгъэпэщакІуэхэм зэрыжаІамкІэ, щыхуэхэр хуитщ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащІэ адміністративнэ регламентым щыгъуазэ зыхуащІыну.

ФызыщІэупщІэнухэм я жэуапыр Іуэхутхьэбзэщ1апІэхэм е КЪР-м къэрал ІуэхутхьэбзэхэмкІэ и Интернет-порталым кІыщыбгъуэтынущ.

КЪЭРЭЩЭЙ Элеонорэ,

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм къэрал щІыб зэпыщІэныгъэхэмрэ щІыхь зэхуэфащэ Іэнатіэхэм ядэлэжьнымкІэ и къудамэм и Іэщ1агъэлІ-эксперт нэхъыщхьэ.

● Дыгъуасэ

Къэжнэм и махуэ

ФокІадэм и 25-м Урысейм и щІыщалъ 80-м Къэжнэм и урысейпсо махуэр щагъэлъэпІащ, абы теухуа «Кросс нации - 2011» спорт Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІащ. Тхьэмахуэ махуэр уэлбанэу ирихьэлІэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым я Іуэхугъуэр щагъэІэпхъуащ икІи дыгъуасэ Нальщык и Хьэтіохьэщыкъуей жыг хадэм ар шекІуэкІащ.

КъБР-мСПОРТЫМКІЭ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министерствэм, кІалэ администрацэм Спортымкі э и комитетым кІыызэрагъэпэща а Іуэхугъуэм школакІуэ, студент, спортсмен мини 2-м щІигъу хэтащ. Дэтхэнэ ныбжьыщІэми щыгът «Кросс нации -2011» зытетха футболкэхэр.

КЪБР-м Атлетикэ Владимир щІэмкІэ и федерацэм и унафэщІ Миновскай Владимиррэ ещанэ щыгъуазэ дыззэрищІамкІэ, Урысей Федерацэм Спортымкі э, туризмымрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министерствэмрэ Олимп комитетымрэ я жэрдэмкІэ екІуэкІа Іуэхугъуэр нэхъыбэу зытещІыхьар щІалэгъуам я мызакъуэу, спортым щыхьэ нэхъыбэ къыхэпшэныщ. «Кросс нации» щыфІащар лъэпкъыбзу зэхэт къэралым и щІыналъэ псоми зэрыщекІуэкІырщ. Зи гугъу тщІа футболкэ хужьхэр, текІуэхэм ират кубокхэр къызыбгъэдэкІри жэрдэмщІакІуэхэрщ, ди кІыззэгъэпэщакІуэхэм абыхэм щІыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ дыщІагъэж.

Къызэдэжэм школакІуэхэм ящыщу япэ увыпІэхэр къахьащ Абей Аланэ (курыт еджапІэ №30), Котлов Артем (курыт еджапІэ № 24) сымэ. Гъэупльащ1э Динэрэ КІуэкІуэ Муратрэ - етІуанэ, Апажэ Динэрэ Мухэ Владимиррэ ещанэ увыпІэхэр ящыбдащ.

Студентхэм я деж бжьыпэр щаубыдащ КъБКъУ-м и студентхэу Домбыр Залинэрэ Атэбий Азэмэтрэ, Маркинэ Викториерэ (КъБКъМА) Кьанкъуе Исльамрэ (КъБКъУ) еТуанэ увыпІэр кхахьащ, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэщ академием и студентхэу Бер Алинэрэ Умар Джылахьстэнрэ - ещанэщ. Абыхэм кубокхэмрэ щІыхь тхылъхэмрэ ирагащ.

Апхуэдэ саугъэтхэр кьамыхьами, спорт Іуэхугъуэм хэта дэтхэнэм дежкІи фэеплъщ «Кросс нации -2011» зытетха футболкэ хужьхэр.

Нэгъабэ а Іуэхугъуэм щыхъ мин хэтамэ, мы гъэм ар хуэдитКІэ нэхъыбэ хъуащ. КъБР-м СпортымкІэ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министерствэм етІанэгъэ абы куэдкІэ нэхъыбэ я къыхишэну и мурадщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Унафэ лъабжьэншэ

Уголовнэ полицэм и дунейпсо зэгухьэныгъэм (Интерполым) ордер игъэхьэзыращ, Ливием и унафэщІ Каддафи Муаммар и къуэ, илъэс 38-рэ зи ныбжь Каддафи Саади яубыдыныр хуит ищІу. Езы зэгухьэныгъэм абы теухуауэ къит хьыбарым къызэрыхэщымкІэ, апхуэдэ унафэр къащтащ Ливием и властыщІэм къиГъувхэм тешІыхьауэ.

Интерполым и Іэтащхьэ Ноубл Рональд зэрыжиІэмкІэ, Каддафи Саади и унафэщІу щытащ цІыху закъэзэІэтахэр тКІийуэ «зыгъэсабырыжа» дзэм икІи ООН-м Щынагъэнщагъэмкі э и Советым и унафэкІэ, зи ахьщ хъуманІэ счетхэр зэхуащІахэм ари яхэтщ.

Дунейпсо уголовнэ полицэм зыхуигъэзащ Ливием и гъунэгъу къэрал псоми, Каддафи Саади къэгъуэтауэ убыдынымкІэ кьадэІэпыкъуным щІэльэІуу. НобжкІэ ар Нигерием щыІэщи, абы и унафэщІхэм ядэркъым Саади яубыду Ливием и властыр зэІэпыхьыныжкІэ Лъэпкъ советым иратыжыну.

- Каддафи Саади яІэрыхьэмэ, нобэ Ливием властыр щызыІыгъхэм зы мэкъалкІэ нэхъ мыхъуми захуэу суд тращІыхьынукъым, - жеІэ Нигерием юстицэмкІэ и министр Амаду Мару.

Кубэм зехъуэж

Кубэм и правительствэм я къэралым щыпсэухэр хуит ищІаи автомобилр мотоциклу сыт хуэдэ лІэужьыгъуэ къащхьэу я уней мыпкуу ирагъэтхыну. Апхуэдэ щыкІэкІэ якъутэжащ ильэси 10 бжыгъэкІэ лжьа, 1959 гъэм ипэ зэпкъралъхьэу щыта транспорт фІэкІа ящІу икІи къащхьэхуну хуит зымыщІ хабзэр.

Законыщ1эм лэжьэн щІедзэ жэпуэгъуэм и 1-м. Уеблэмэ, абы Кубэм щыпсэухэр хуит ещІ автомобиль зыбжанз яІэнуи, хамэ къэрал кьикІауэ хьтІыгум щыпсэухэм автомашинэкІэ тІу нэхъыбэ къащхьэху хуимыт пэтми.

Автомобилыщ1эм и щыхьэт тхылъхэр щрагъэтхкІэ, ар къызэращІэхуа ахьщІэр закоэм къезэгъаку къызэрыблэжьам и щыхьэт декларацэр ягъэльэгъэн хуейщ. Ар и щыхьэтщ автомобиль кьищІэхуфын хуэдэу кьулей куэд щхьэхуитныгъэм и хьтІыгум зэрыщымыпсэур.

Путин Владимир къыбгъэдэкІыу

Урысей Федерацэм и премьер-министр Путин Владимир ехъуэхъуащ Лакербая Леонид, ар Абхъаз Республикэм и правительствэм и унафэщІу зэрагъэувам кьыхэкІыу.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, фокІадэм и 26-м Абхъазым и президент къулыкъум пэрыуващ Анкваб Александр. Абы и ужькІэ, закоэкэм япкъ итКІэ, республикэм и правительствэр зэрыщыту я къулыкъум текІащ. Иджы Абхъазым и президент Анкваб Александр премьер-министр къулыкъум тригъэуващ Лакербая Леонид.

НОБЭ

♦Абхъаз Республикэм и къэрал гуфІэгъэщ - 1993 гъэм куржы зэрыпхъуакІуэхэм щытекІуа махуэщ.

♦ Ботванэ Республикэм и льэпкъ гуфІэгъэщ - 1966 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦ Зэдзэкіакіуэм и дунейпсо махуэщ

♦Москва щекІуэкІынущ хъэрычэт мащІэмрэ курытымрэ я 6-нэ Урысейпсо форум.

♦ФокІадэм и 30 - жэпуэгъуэм и 2-хэм Москва, «Лужники» спорт аренэм щекІуэкІынущ цирк щэнхабзэм и V дунейпсо фестиваль.

♦1960 гъэм Налшык къыщызэІуахащ «Горянка» алэрыбгъу фабрикэр.

Дунейм и щытыкІэмр

meteonovosti. ru сайтым къызэритымкІэ, нобэ пІалъэ-пІальэхІэ уэшх кьешхынущ, Налшык махуэм хуабэу градуси 9-11, жэщым - градуси 8-10 щыІэнущ.

Щ1ыналъэр зыкъэхъэзырыр ГЪУЩІО 3 арифи.

Лъэпкъ Іуущыгъэ:

Псалъэшхуэ Тхьэшхуэ и жагъуэщ.

● Іуэхутхьэбзэхэр

ХабзэщІэхэм арэзы къещІ

Псэупіэ-коммунальнэ хозяйствэм ехьэлІа зэхъуэкІыныгъэхэм ящыщ зыуэ кьагъэльэгъуа «Уэнэр зейхэм я зэгухьэныгъэм» япэ лъэбакъуэхэр ехьулІэныгъэкІэ ичу хуежьащ.

МЫ ЗЭМАНЫМ зи цІэр фыкІэ кьраІуэхэм хабжэ «Университет-1». ТСЖ-р, Налшык Осипенкэм и цІэр зэрихьэу щыІэ уэрамым тет унэ зэтетитІым я Іуэху дэзыгъэкІыр. 1968 гъэм ята мы унэхэм (22, 22А) ильэс куэд хьуауэ щыпсэухэм яхэтщ зи ныбжь хэкІуэтахэри, зауэм хэтахэри. ТСЖ-м хэтхэм зэфІэкІыу яІэр иракьэлІэ абыхэм я фэтэрхэр зыхуей хуэгъэзэным и мызакъуэу, кьати 5-у зэтет унэм и теплъэри егъэфІэкІуэным.

Зэгуэхьэныгъэм и унафэщІ Хьэмыкьуэ Роэзэ щыгъуазэ дыззэрищІамкІэ, псом япэу унэ щІыхьэпІэхэр зэрэхьащ: плиткэхэр екІуу илъхьащ, щхьэгъубжащхьэхэм удз гъэгъахэр тетщ. Апхуэдэ кьабзагъэрэ дахагъэрэ унэ зэтет куэдым я щІыхьэпІэхэм ущрихьэлІэнукъым икІи дэтхэнэ зы щыхьэр абы зэрыщыгуфІыкІынум шэч хэлъкъым. ТСЖ-м и лэжьыгъэм хэтхэмрэ унэм щыпсэухэмрэ зэкъуэту, зэгурыІуэу 2008 гъэ лъандэрэ зэдолажьэ. Зи гугъу тщІа унитІым щыпсэу щыху 240-м зэдэарэзыуэ мы унэтІыныгъэр кьыззэрыхахам хущІегъуэжа кьаэхэкІакъым.

КьызэгъэпэщакІуэхэм кьызэралъытэмкІэ, мы Іуэху бгъэдыхьэкІэм унэм щІэсхэр нэхьри зэкъуигъэуваща, щэнрэ жэуапныгъэрэ кьаехилъхьащ. Псом ящхьэраци, езыхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм кьрикІуэхэр яльагъуну Іэмал ягъуэт. Унэхэм я тепльэр гъэдэхэнымкІэ мыльку кІэ кьадэІэпыкъуащ ЖКХ-м и лэжьыгъэм зэхьэхІныныгъэхэр хэлъхьэныр кьадэзыІыгъ Урысей фондым. Унэм щыпсэухэм халъхьар, хабзэу зэрагъэувам тету, зэгъэпэщыжьын лэжьыгъэм псори зэхэту текІуэдам и проценти 5-рщ.

Осипенкэ и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэ зэтетітІым я бжэІупэхэм удз гъэкІыпІэ екІуэхэр, унэм щыпсэухэмрэ ТСЖ-м хэтхэмрэ щызэхуэзэ псэуалъэ екІу щауухащ. «Иджы хуэдэ тепльэрэ дахэгъуэрэ ди унэр зэраухуэрэ иІакъым», - жаІэ нэхъыжьхъэм. ДызыхуэкІуэ зэманым мы унэхэм щІэкІэ щызэрахьуэкІыну я мурадщ хуабэрэ псы кьаІуэтыпІэ мыхъуу. Зи гугъу тщІа гъэсэбэпамрэ зрикІуэ бжьамийхэр.

ЖАНХЬУЭТ Зузэ.

● Дыгъуасэ

Мэкъумэшыщ1эхэр лэжьыгъэншэ хъуркъым

Старэ Шэрэдж къуажэм и губгъуэхэм бжьыхьэ дэжьыгъэхэм щоужьэрэкІ. ЩІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Хьэбжокуэ Аслъэн хьабзэр къызэрыдигъэщІамкІэ, гуэдзыр гектар 600-м кІэрыхуиІэу къыщрахьэлІэжащ, зы гектарым хуэдэу центнер 42-43-рэ нэхъыкІэ мыхъуу. Ар къызытраха гъавапцкъэр ява.

АБЫ КЪЫКІЭЛЪЫКІУЭУ щІыгъэпшэрхэмкІэ елэжьынущ, бжьыхьэсэ гуэдзыр и чэзум фІымыщу зэрыхасэнум хуэдэу. Старэ Шэрэджым кІэртІоф хъарзыни щыІуахьижащ. УнафэщІым зэрыжиІамкІэ, мыгувэу нартыхур къахьжынущ. Мы гъэр кІасэу зэрыщытам хэгъуэр игъэгува пэтми, мэкъумэшыщІэхэр бэвагъкІэ мэгугъэ. Гъэмахуэ псом пцы зыгъуэта, щІыгъэпшэрхэмкІэ зэгугъуэ нартыхум тепльэ дахэ иІэщ, хьэдзэхэри пІащ1эщ.

Мэкъумэш Іуэхущ1апІэхэми бэджэндырылажьэхэми эхэту нартыхэу гектар 1 мин жылапхъэ хэпльыхьарэ силосныпхъэу яІэщ. Хьэбжокуэм щыгъуазэ дищІащ пхъэщхьэмышхьэ жыгхэр къэгъэщІэрэщІ Іэжьным теухуа республикэ программэр Старэ Шэрэджым зэрыщагъэлажьэ щІыкІэми.

Нобэ мы къуажэм жыгыщІэу гектари 100-м нэблагъэ иІэщ. Абы щыщу 2011 гъэм гектари 10-р хасащ. ИджыпстукІэ мыІэрысеІхэм нэхъ тегъэщІагъэ Іуэхур екІуэкІ щхьэкІэ, жыг хадэ гъэкІыным елэжьыну гупыж зыщІа къуажэдэсхэм къахэкІащ мы дыззрыт бжьыхьэм къыщІей, балий Іэрысэ хэзысэну хуейхэри.

Лъэхъэнэ жьыбжэхэмкІэ дызэІэбэкІыжмэ, пхъэщхьэмыщхьэ потомник екъэжьа зиІэу щыта мы жылагъуэм и гугъэр хихьжьыркым жыг гъэкІыныжьмкІэ зэгуэр иІа екъуІэныгъэфІхэмрэ иІыгъа Іуэхущ1апІэмрэ зэрызригъэгъуэтыжьынум.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Нобэ Абхъаз Республикэм и Текіуэныгъэм и махуэщ

Абхъаз Республикэм и Президент Анкваб Александр и япэ интервью. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Хуитныгъэм папщІэ

ХХ лІэщІыгъуэм и иужьрей илъэсипщІым СССР-у щыта къэралыгъуэм и щІыналъэм ала-мыалакІэ зауэ къыщыхьад зэпыгурэ екІуэкІащ. Апхуэдэ зауэхэм ящыщ зыт 1992 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къэхъуари - Куржыр псэуащ Іэщ1экІэ зэгъэпэща къару лъэпкъ зимыІэ, нэхъ щхьэхуиту псэуным хущІэкъу хъуа Абхъазым. Ар иужь иттэкъым а республикэм щхьэхуитныгъэ гуэр иритыну. Федераривнэ къэрал хъуэкІэм хущІэкъу, абы и къызэгъэпэщ1ным Куржыр езыхуІэ Абхъазыр «гъэсабырын» хуейти, къарууэ иІэ псори ирихьэлІэри, зэтриукІэн щІидзат.

ЗАУЭМ и япэ махуэм, бадзэуэгъуэм и 15-м щегъэжьауэ, абы ди республикэм щыщ адыгэхэр хьыхащ, бэлыхь хэхуа лъэпкъым дэІэпыкъун мурад быдэр яІэу. АрщхьэкІэ, езы абхъаз щІыхухъуэхэри Іэщэнэщэт - автомат зыІыгъ зы лІым щІыхуипщІ бжыгъэхэр ехъуапсэу апхуэдэт. Гуауэм, гуІэгъуэм, гужьеигъуэм лъэпкъыр зэщІигат. Гагрэ яубыдри, Урысейм и къэрал гъунапкъэ лъэныкъуэмкІэ куржыхэм зэхуащІати, абы щытыкІэр нэхъ хьэлъэж ищІырт.

Адыгэхэр дэІэпыкъуэгъу кьаззрыхуэхъум абхъазхэр кьызэщІиІэтащ. Апэу зэуІуу, Абхъаз Дзэм щІыгъуу кьэбэрдей адыгэхэр зауэ ІэнатІэ щыпэрыувар 1992 гъэм щыщхьэІум и 25-рщ. Ар къыщыхъуар Гагрэ пэгъунэгъуэ Мамзыщхьэщ - Бзыб псым кьежьапІэ хуэхъу лъагапІэрщ. А махуэ дыдэм хэкІуэдащ Налшык щыщхэу Науржан Ибрэхымрэ Кьаныкъуэ Нурхьэлийрэ. ИтІани, адыгэхэм я акъылым, я къарум, я гъащІэм и фІыгъэкІэ, хуит кьащІыжащ Гагрэ кьалэр.

Абхъаз Республикэм и кьалащхьэ Сыхъум хуит кьащІыжыну куэдрэ иужь ихьат, Ауэ ар кьащехъуІа зэхэзэхуэм щыщІадзар 1993 гъэм фокІадэм и 16-рщ. ИкІи а пщэрылъыр гъэзэщІэныжкІэ кьалэн нэхъыщхьэр зэфІэзыгъэкІар, Министрэхэм я Советым и унэр зыубыду абы щІэса куржы зауэлІэхэри, Абхъазым и правительствэ хуэдэу Куржым итъэуВа властым хэтхэри гъэр зыщІар Шорэ МуІзед зи унафэщІ адыгэ гупырщ. А зэхэуэ гуащІэр кьыщыхъуар 1993 гъэм фокІадэм и 27-рщ. Абхъазым и Правительствэм и унащхьэм, Рейхстагым зэрыщащІам ещхьу, Абхъаз Республикэмрэ адыгэ лъэпкъымрэ я ныпхэр щагъэуващ Хьэгъэжей Азэмэтрэ Абей Асльэнрэ. Ар текІуэныгъэм и щІэдзапІэт - абы и ужькІэ абхъазкуржы зауэр махуищкІэ екІуэкІыжауэ ираш.

А зауэм хэтащ къэбэрдей адыгэу цІыху 1500-м щІигъу, хэкІуэдащ 56-рэ, 3-р хьыбарыншэу кІуэдащ. Абхъазым и зауэлІ дамыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр хуагъэфэщащ цІыху 300 хуэдизым, Абхъаз Республикэм и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр ираташ цІыху 15-м, абы щыщу щІалиблым - хэкІуэда нэужь...

Апхуэдэ уасэр щІатащ къэбэрдей адыгэхэм Абхъаз лъэпкъым и щхьэхуитныгъэм, ди адэжьхэм щІэину къытхуагъэна зэкъуэшныгъэм и хабзэ я къабзэхэр гъэзэщІэным.

ШЭДЖЭМ Тыгъуэн.

Дыгъуасэ ирихьэлІэ Іуэхутхьэбзэхэр

ЗэгурыІуэныгъэ 13

АБЫЙЕЙ. *«Соч - 2011» Х Дунейпсо инвестицІэ зэхьэхьэщхуэм республикэм кьыщыхьэлъхьа инвестицІэ проектхэм ящыщу Адыгейм сом мелард 34-м щІигъу зыхуэзэ зэгурыІуэныгъэхэр пхигъэкІащ.*

АБЫХЭМ ящыщу сом мелард 33-рэ кьызэщІэзыубыдэ зэгурыІуэныгъэу 10-м ТхьэкІущынэ Аслъэнджэрийрэ инвесторхэмрэ Іэ щІадзащ. ЗэгурыІуэныгъащ зэращІыгІащ Мейкьуапэрэ Адыгейскрэ я муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Іэтащхьэхэм.

ЩІыгу зекІуапІэхэр

КЪЭРЭЩЭЙ-ШЭРДЖЭС.

ЩІыналъэм и Усть-Джегуата куейм и жылагъуэхэм кІуэцІрыкІ федеральнэ гъэзэгухэу автомашинэхэр ихъ щыкъуэдэхэм республикэм щыпэу щыгу лъэс зэпрыкІыпІэхэр щаухэнущ.

УСТЬ-ДЖЕГУТА кьалэм щаухэу щыІэу зэпрыкІыпІэхэр метриткэм щІигъу я лъагагъэу, метрищ я бгъуагъыу щытынущ. Ар зэхэзыгъэувахэм зи ныбжь хэкІуэта кьалэдэсхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ кьыхальхьаэр даІыгъащ икІи зэпрыкІыпІэ проектым социальнэ лифтхэр хагъэхьащ.

УхуакІуэхэм лэжьыгъэ мы гъэм и жэпуэгъуэ мазэм зэфІагъэкІыну я мурадщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр йокІуэкІ.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Мэкъумэшыщ1эхэр лэжьыгъэншэ хъуркъым

● Шэрэдж куей

рыщытам хэгъуэр игъэгува пэтми, мэкъумэшыщІэхэр бэвагъкІэ мэгугъэ. Гъэмахуэ псом пцы зыгъуэта, щІыгъэпшэрхэмкІэ зэгугъуэ нартыхум тепльэ дахэ иІэщ, хьэдзэхэри пІащ1эщ.

Мэкъумэш Іуэхущ1апІэхэми бэджэндырылажьэхэми эхэту нартыхэу гектар 1 мин жылапхъэ хэпльыхьарэ силосныпхъэу яІэщ. Хьэбжокуэм щыгъуазэ дищІащ пхъэщхьэмышхьэ жыгхэр къэгъэщІэрэщІ Іэжьным теухуа республикэ программэр Старэ Шэрэджым зэрыщагъэлажьэ щІыкІэми.

Нобэ мы къуажэм жыгыщІэу гектари 100-м нэблагъэ иІэщ. Абы щыщу 2011 гъэм гектари 10-р хасащ. ИджыпстукІэ мыІэрысеІхэм нэхъ тегъэщІагъэ Іуэхур екІуэкІ щхьэкІэ, жыг хадэ гъэкІыным елэжьыну гупыж зыщІа къуажэдэсхэм къахэкІащ мы дыззрыт бжьыхьэм къыщІей, балий Іэрысэ хэзысэну хуейхэри.

Лъэхъэнэ жьыбжэхэмкІэ дызэІэбэкІыжмэ, пхъэщхьэмыщхьэ потомник екъэжьа зиІэу щыта мы жылагъуэм и гугъэр хихьжьыркым жыг гъэкІыныжьмкІэ зэгуэр иІа екъуІэныгъэфІхэмрэ иІыгъа Іуэхущ1апІэмрэ зэрызригъэгъуэтыжьынум.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Япэ лъэхъэнэр зэфIэкIащ

●Политикэ партхэм

УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхьыным зыхуэгъэхьэзырыным хиубыдэу политикэ парт псоми я съедзхэр ёлIэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутатхэр жыдэкIуу хэтащ къэрал псом и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а жылагъуэ-политикэ Iуэхуэм. Съедзхэр зэрекIуэкIам топсэльыхьыж КъБР-м и Парламентым и депутатхэр - политикэ парт зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и япэ къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и Политсоветым и секретарь Жаным Руслан:

Съедзым кIыщащтащ къэралым и къекIуэнур куэдкIэ зэпытта унафэкIэ. Мы зэманым зэ теува политикэ щытыкIэр белджылы ящIащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий, премьер, партым и Iэтащхьэ Путин Владимир сымэ къапсэльхьэм. Иджы зыми шэч кIыщIытрихьэжьи щыIэкъым Урысей Федерацэм адэкIи зэрыIэнужьыну гъэгър ублыхуэу зэрыщытым. Медведев Дмитрий, Путин Владимир, «Урысей зэкъуэт» партыр къару зэхэтхIэ ди къэкIуэнум йолэжь. Путин Владимиррэ Медведев Дмитриирэ я мурадхэр зэтэкъу, Президентымрэ Правительствэмрэ зэрыIэзекъуэтым Iуэхуфlхэр кьыIэзырикIуэр псоми я нэгу щIокI. Ди цIыхухэр зыщIэжьэпсыр къэралым зэпIэзэрыту зиужьынырыц, абы хабзэр щытепщэу щытынырыц икIи апхуэдэ щытыкIэ щыIэнымкIэ хэкIыпIэкэр съедзым Iупщу кьыщащъэльэгъуащ.

«Урысей зэкъуэтым» и XII съедзым и япэ Iыхьэр зэрекIуэкIар псом хуэмыдэу абы хэтахэм ухуэнэ ящыIэнхэр; нэгъуэщI къэралхэм щыщ политикэ парту 40-м щIигъум я лIыкIуэхэм, ди хэкуэгъуу мин 11-м я пащхьэм иту партым и Iэтащхьэ, УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Путин Владимир утыку кьрилъхьащ цыху зы мелуанрэ мыкъуэрэ хуэдиз зэлэжьа Щыхуэ программэр. Пэнэуэщу жыпIэмэ, а документыр гъэхъэзырыным хэтащ ди хэкIуэкэм ящыщу 70 кьэс зыр. Программэр зэрыщыту зытещIыхьар цIыхупц, абы и псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ, дагъэнэми и мурадхэр зригъэхъулIэнымкIэ Iэмалхэр кьыхуэзгъэпэщынырц.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и делегатхэм ящIыгъуу съедзым и япэ Iыхьэм хэтащ законкэр кьыдэзыгъэкI органым и депутатхэри: КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар, «Урысей зэкъуэтым» и фракцIу КъБР-м и Парламентым щыIэм и Iэтащхьэ Жэрыкъуэ Борис, КъБР-м и Парламентым Законкэр кьыдэгъэкIынымрэ къэрал уухуэкIэмкIэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур, депутатхэу Геккиев Заур, Кьудалы Мухьэмэд, Мокаев Руслан, Шумахуэ Арсен сымэ. Къэзгъэлъэгъуэну сыхуейщ «Урысей зэкъуэтым» и съедзым и етIуанэ Iыхьэр дыгъэзащ мазэм, Къэрал Думэм и депутатхэр хаха нэужь, зэрекIуэкIынур.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей: Хэку/Пенсионерхэр/ГъащIэ» партым и фракцэм хэт Iадэ МуIаед:

Иджыблагъэ екIуэкIа съедзым хэтащ: «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыIэм и Iэтащхьэ Кебеков Владимир, Законым тетынымкIэ, хабзэр хъумэнымкIэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ комитетым и унафэщI Бэпторэ Хьэмид, Парламентым и депутатхэу Сумаев Ахьмэт, Токъу Руслан, Азычэ Светланэ сымэ.

Мы зэкъыхэщхъэм щыкIагъэ дагъэнэ зы Iуэхури ди псэукIэм пыщIащ икIи абыхэм кьыхэзырыгэкI цIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ. Ди программэм кьинтэув кьаIэн нэжьыщIхэр дыдэхэм ящыщу социальнэ зэщхьэщыкIныгъэ инхэр щымыгъэIэнныр, коррупцэмебэныныр, узынщагъэр хьумэнымрэ щIэбэр егъэдэжьымрэ адэкIи зегъэужьыныр.

Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуIунымкIэ, регламентымкIэ, депутат щэнхабзэмкIэ комитетым и унафэщI, КПРФ-м и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыIэм и Iэтащхьэ Щыхьалы Заирэт:

И пIалъэр къэмысауэ ирагъэкIуэкIа съедзым хэхьныгъэхэм захуэгъэхьэзырынымкIэ едгъэкIуэкIыну Iуэхуэхэм щытепсэльыхьащ, депутату хахьи папщIэ партым кьыгъэтагъуэ кандидатхэм я спискэр кьыщащтащ. Республикэм кьыбгъэдэкIыу а съездым дыхэтащ сэрэ КъБР-м и Парламентым и депутат Шаваев Ильясрэ.

Партым и программэм теухуауэ ищIа докладым Зюганов Геннадий щиуфызыщI щыIэкIэ зыдэсу щы. Абыхэм ящыщу къэралым и щынагъуэншагъэр кьыдзэгъэпэщынырщ, нобэм кьэс екуэхуэу екIуэкI экономикэр зыужьынырэ гъэгъуи тегъуэвжьынырэ, тхьэмыщкIагъэр, зэхэщIыкIынщагъэр кьыдзэнэкIынырэ. Коммуникатхэр хьэзырщ а кьаIэн инхэр гъэхэщIа хьэн папщIэ Iуэху пыухьыкIаХэр зэфIагъэкIыну, зыхуущIэкъу текIуэныгъэр кьахьыну. Апхуэдэ зэфIэкI партым зэриIэм, абы дяпэкIи зэрызнужьынум и щыхьэтщ зи ныбжькIэ щIалэу куэд ди сатырхэм кьыхьхьэу зэрыхуежьар.

КъБР-м и Парламентым Хуэныгъэмкlэ, псэунlэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсныныхь-энергетикэ комплексымкlэ и комитетым и унафэщI, «Урысейм и либерал-демократие парт» фракцэм и Iэтащхьэ Гринневич Валерий:

Съедзым кьыпэщыта Iуэху нэхъыщхьэр Къэрал Думэм и депутатхэр хэхьанрэ дыхэтын папщIэ ди кандидатхэм я спискэр къэщтэнырщ. Абы кьыдэкIуэу съедзым хэIуцIыу щащIащ хэныныгъэм дыхэзырыхуэкIуэ программэм и Iуэхугъэ нэхъыщхьэкэр, ахэр дэгъэкIынымкIэ Iэмалхэр. Зэрыгурыуэгъэщи, съедзым щыжаIа псомэ «урыс Iуэхур» кьыхэщу щытащ. Ар кьыхэзрыбгурыIуэн хуейр къэралым и лIыбжьэу щыт пIэнпкым кьыпэщыт гугъуехьхэр дэгъэкIынырщ, Урысейм иц урысхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ. А кьаIэн псори гъэзэщIапхъэщ ди къэралым щыпсэу адрей пIэнпкхъэм я сэбэп зыхэлъэкIэ кьыхэзгъэпэщыну, ахэр дамыкIуэзу.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

●КъБР-м и прокуратурэм

ЗэуIуу кьыIэрагъэпэщ

ЭКСТРЕМИЗМ хьэгъэщагъэхэм япэщIэтынымкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэр кьипщытэу, КъБР-м и прокуратурэм зэпымыуу ирегъэкIуэкI терроризмымрэ экстремизмымрэ кьапкърыкI шынагъуэр, абыхэм я пхыгъэкIакIуэхэм я гуращэхэр, я мурад бзаджэхэр зыхуэдэм, Iэщэ кьэзыщта зэщIэгъэуIуэ гупхэм хэтхэм уголовнэ жэуапир зэрыщхьэщащ щIыкIэм, лъэпкъ, дин лъагъэмыхьэныгъэ гупсысэ мышIуэрэ пшIэ зэрымыхьэнум теухуа хуэбыбгеращIэ -хэзыгъэгъуэуз Iуэхугъуэ зэхэт.

Мы гъэм щыщу блэкIа зэманым кьрипыдэу щIыхуэхэм я зэхуэсэр зэIущIэу 109-рэ кьыхэзрагъэпэщащ, жылагъуэ щIыхьэхэр зэгъэзэнныгъэхэм я лIыкIуэхэм яхуэзащ, абыхэм хабзэхьумэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр щыIэпкърахащ. Терроризмымрэ экстремизмымрэ япэщIэтынымкIэ законодательствэм щыубзыхуэхэр ныбжьыщIэхэм нэхъ тыншу гурагъэIуэн мурадкIэ, нэхъапэми хуэдэу, я лэжьакIуэхэр еджапIэхэм ирагъэбыдылIащ, школакIуэхэм зэIущIэу 107-рэ грагъэкIуэкIащ. ХьыбарегъащIэ-хэзыгъэгъуазэ тхыгъэу 185-рэ газетхэм кьытрыгъэзэщащ, радиокIэ кьаташ, Интернеткlэ зэбграгъэхащ, телевидеиэ нэтыну 78-м кьыщыпсэльащ.

Зи гугъу тщIы зэманым кьриубыдэу КъБР-м и прокуратурэм и унафэщIхэм Адыгэ (къэбэрдей) жылагъуэ организацэхэм я Зэзыгъэ Iуэ советымрэ Балъкъэр лъэпкым и Нэхъыжьхэм я совет жылагъуэ организацэмрэ я лIыкIуэхэр ирагъэблэгъащ, республикэм и муфтийм хуэзащ.

Уасэр зэщхьэщахыу ядэркьым

«2009 ГЪЭМ бадзэуэгъуэм и 16-м Урысей Федерацэм и Правительствэм кьищта Унафэ №582-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэныр и Iуэхукl» 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м УФ-м и Правительствэм кьыдигъэкIа Унафэ №697-м кьыхэзригъэувымкIэ, къэрал, муниципальнэ мыутыкум щыщ щIы Iыхьэхэм я бзджэнд уасэр зыхуэдизыныр щагъэувкIэ «щыIэтлыкьыншэу хуит зымыщI» хабзэри кьэлыпытапхъэщ.

УФ-м и Правительствэм и Унафэм хальхьащ зи гугъу тщIы щIы Iыхьэхэр бзджэнд кьыхэзращтэ, бзджэнд уасэр зэрыкъур зэрагъэбелджылы щIыкIэм я пIалъхьэ нэхъыщхьэхэр зыгъэув зэхьэуэкIыныгъэхэр.

Кьащтэмэ, щыхьэтлыкьынщэу хуит зымыщI хабзэм зы лIэужьыгъуэм хьэхъэ, зы Iуэхуэм кьыхуагъэсэбэп, зы мурадым тещIыхьауэ я т щIы Iыхьэхэм хуэзэ бзджэнд уасэр зэщхьэщахыу идэркьым. Бзджэнд уасэр зыхуэдэнур щагъэбеелджылыкIэ зытращIыхьын хуейр, псалъэм папщIэ, щIы Iыхьэм кьит фейдэм и закъуэкъым, атIэ, экономикэм и хабзэм тету, ар зезыхьэ IэнатIэхэм я продукцэм (лжжьигъэм, Iуэхутхьабзэм) я тарифэр кьэралым зэрызэкIэлытыгъэкIуэри органигзацэхэм субсидиеу иратыр зыхуэдизри кьэлытапхъэщ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

●Анэзэм папщIэ

IэмалыщIэ

ФокIадэм и 26-м Кавказ Ищхьэрэм и Сбербанкым и унафэщI Гаврилов Виктор, Урысейм и Пенсэ фондым и лIыкIуэ щыгъуэу, журналистхэм Iущlащ.

ВИДЕОКIэ кьагъэлъагъуэ конференцсвязьм хэтащ Кавказ Ищхьэрэм и щынагъуэ псомэ я хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр. Псалъэмакьыр теухуауэ щытащ псэуплIэ кредитым кьуэцIауэ щхьэхуэу кьащта программэщIэм. Абы Iэмал кьет анэ капиталыр кредитым и япэ хэлъхьэгъуэ зыщIахэм ахъшэр иратыжыну, ипотекэм и щыхьэт тхыльхэр щатхкIэ.

Нэхъапэм адэ-анэм езым кьалъхьхуэн хуей хъурт псэуплIэ-ипотекэм и кредитым япэ халъхьэну ахъшэр. ЕтIуанэ сабийм и ныбжьыр илъэсищ ирикъуа нэужь анэм и капиталыр кьагъэсэбэпыну хуиту арат. Иджы анэм и капиталым и сертификатым кьыщыгъэлъэгъуа бжыгъэм нэс псэуплIэ ипотекэм и япэ хэлъхьэгъуэр бгъэмащIэ мэхъу.

- Дэ догугъэ пIалъэ кIэщIым кьэрибыдэу езым я псэуплIэ зэрагъэпэщыжьымкIэ а Iэмалыщ Iэр ди республикэм щыпсэу унагъуэ куэдым сэбэп кьахуэхьуну, - жIэ Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидий.

БАГЪЭТЫР Анзор,
Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

●Бахъсэн куей

Хьэмзэт зэрыхъур илъэс тIощIт

Бахъсэн муниципальнэ куейм хыхьэ Жанхъуэтекъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэм Малкаров Хьэмзэт и цIэр фIащащ.

ШКОЛЫР къиуха нэужь, щIалэм кьулыкъу щищIэну арагъэм дэкIащ. Абы здыхэтым, къэралым и унафэр Шэшэн Республикэм щигъэзащIэу ар 1996 гъэм хэкIуэдащ. Зи ныбжьыр илъэс 20 фIэкIа мыхъуа, дунейм ехыжа Хьэмзэт зэрихьа лIыгъэм папщIэ лIыхъужьыгъэм и орден кьыхуагъэфэщащ.

Хахуагъэ кьэзыгъэлъэгъуа щIалэм и фэеплъым пщIэ хуащIым папщIэ, я Iуэхугъуэм иращIэкIа пэкIум кьеКIуэлIахэщ Малкаровым и благъэхэмрэ и гъунэгъуу щытахэмрэ, и кьуажэгъуэр, и ныбжьыкIуэхэр. Зэхьэхьэм кьеКIуэлIахэм Хьэмзэт щеджа школым и блыным гъащIэм кьыхэщIыкIа фэеплъ пхъэбгъу кIэрагIуIащ.

Къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Малкаров Магомед ЛIыхъужьым и анэ Саният щапхъэ зытрах хъун щIалэ зэрипIам щхьэкIэ фIыщIэ псалъэ жриIащ.

- Дэ, щIыпIэ самоуправленэм и Советым, унафэ къэтщтащ жьлэм дэт еджапIэм Малкаров Хьэмзэт и цIэр фIэтащIыну, - кьыхиугъэщащ Магомед. А жэрдэмыр кьыдэдаIыгъащ адрей къуажэдэсхэми район администрацэми. Абы кьыхэкIыу фIыщIэ яхуэдощI псоми.

Зэхуэсым кьрихьэлIахэр я кьуажэгъуэм дакьикъкIэ хуэщIыгъуащ.

Бахъсэн куей администрацэм и унафэщIым и дэлэпIэныкъуэгъу Къэдзэхъу Олег кьыщIэсалъэм жиIащ: «Малкаров Хьэмзэт и цIэр зэи ящIымыгъупщэжьыным хуэдэ хъуащ».

Бахъсэн къалэ округым, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ куейхэм я дзэ комиссариатым и унафэщI Багъ МуIаед псалъэ щратым, кьыхигъэщащ и ныбжьыгъуэр кьригъэлын папщIэ Хьэмзэт и гъащIэр псэемыблэжу зэрыхилъхьар.

- Ар, щэч хэмылъу, - жиIащ МуIаед, - фIыщIэ ин кьэзылэжь лIыгъэ зехьэкIащ. Согугъэ Хьэмзэт зэрихьа лIыхъужьыгъэр ди щIалэхэм щапхъэ хъуну.

«Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Аттаев Жамал кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ:

- Кьуажэм дэт курыт еджапIэм лIыхъужьымы и цIэр фIэщын Iуэхугъуэм мыхьэнэ ин иIэу кьызолытэ. Абы цIыхухэм ягуэхр кьызэрегъэзгъэуэтыж, дыщцIэсу кьэралыр, жылагъуэр зэIыщIыну хэт кьарухэми пщIуэуэгъу яхуохъу.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

●Iуащхьэмахуэ куей

Нэхъыжьхэм ядоIэпыкъу

«Зи ныбжь хэкIуэта цIыхухэм дэIэпыкъу» республикэпсо акцэм ипкъ иткIэ, Iуащхьэмахуэ куейм социальнэ Iуэ хуэхьэзырэ-хэмкIэ и Iуэхущlапlэм пенсионерхэм защIегъакъуэ.

ДЫГЪУАСЭ Гунэдэжь къуажэм щызэIущIащ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ еджакIуэхэмрэ. Махуэ псом ахэр нэхъыжьхэм ядэIэпыкъуащ - я унэ кIуэзэрэ я унагъуэ Iуэхугъэ хуэлэжьащ.

Тхылъ хъумапIэ системэм и лэжьакIуэхэм я мурадщ литературэ-макъыамэ зэрыIыхьэр, джэгуэгъэ, викторинэхэр ирагъэкIуэкIыну, «Жьэгу пащхьэ тельыджэ», «ЩIытыр зэтефIыгъэ» папщIэ фIыпсэу», «Жьы дымыхьэн папщIэ» я фIэщыгъэщIу.

Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэр гъэзэпIэн яухынущ фокIадэм и 30-м Куиев Къайсын и цIэкIэ щыIэ Щэнхабзэмкlэ унэм щызэхэтыну концертымкIэ. Абы хэтынущ куейм и творческэ гупэр, ягъэлъэгъуэнущ театр тепIэтэуэхэр, джэгуэхэр.

Iуащхьэмахуэ куейм хиубыдэ кьуажэ псоми зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэр апхуэдэу щыгъэльэпIэнущ.

ДОГУЧАЕВЭ Ранетэ.

●Хэхьныгъэ-2011

Шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ

Къэрал Думэм и депутатхэр щыхахыну дыгъэгъазэм и 4-м шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным республикэм и хабзэхьумэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр тепсэльыхьащ.

КЪЭРАЛ кIуэцI Iуэхуэмкlэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и полковник Васильев Сергей иригъэкIуэкIащ Къэрал Думэм и депутатхэм я хэхьныгъэр мы гъэм дыгъэгъазэм и 4-м щрагъэкIуэкIэ хабзэмрэ жылагъуэ щынагъуэншагъэмрэ кьызэгъэпэщыным щытепсэльыхьа министерствэм и коллегие убгъуа.

Абы хэтащ КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм, КъБР-мкIэ УФСБ-м, УФ-м и Следственнэ комитетым Следствиемкlэ и Iуэхущlапlэу КъБР-м щыIэм, Урысей Федерацэм и ФМС-м, МЧС-м я Iуэхущlапlэхэу КъБР-м щыIэхэм, республикэ прокуратурэм, КъБР-м и Президентым и Аппартым я унафэщIхэр.

Кьызэхуэсахэм защIыхуигъаэзм, Васильев Сергей хэхьныгъэм зыхуэгъэхьэзырыныр Къэбэрдей-Балъкъэрым щытыкIэ гугъум иту зэрыщекIуэкIым кьытеувыIащ. Хабзэхьумэхэм зэфIах Iуэхугъуэхэм тепщIыхьмэ,efIэкIуэныгъэ гуэрхэри щыIэу жыпIэ хъунущ, ауэ кьаIэрыхьэ хъыбархэр щыхьэт зэрытехьэущи, Iэщэкlэ зэщIэуэзда бандэ гупым хэтхэм хэхьныгъэм и пэ кьихуэу, ар щекIуэкIкlэ я гуращэ фlейхэр кьыхэзщIаIэтэну зэрамурадри министрым кьыхихъэщащ.

Хабзэхьумэ IэнатIэхэм я кьаIэн нэхъыщхьэр жылагъуэ хабзэр кьызэпемыгъэудыныр, террор хьэгъащIэгъэхэр кьэмыгъэхъуныр арауэ зэрыщытыр Васильев ныкIынгъэльэгъуащ.

ХэхакIуэ участкэхэм шынагъуэншагъэр кьыщызэгъэпэщын и льэныкьуэкIэ зэрыкIэлыпль видео, гъуцI детектор, нэгъуэщI Iэмэпсымэхэр абыхэм щыгъэувыныр щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэм иращIкI бэнэныгъэм кьрикIуэхэм щыхэплъащ.

Зытепсэльыхьа Iуэхугъуэхэм теухуа унафэ убгъуа кьащтащ.

ДЖЫРАНДОКЪУЭ Маринэ.

●Алыдж-урым бэнэкIэ

Чыл Ахьмэд и текIуэныгъэ

Хабзэ зэрыхъуауэ, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастерхэу Байзулаев Юсупрэ Мирзоев Хьыбыррэ я ёзэпсэльыхьэ Щэрджэм кьалэ дэт Спорт унэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Шэшэн, Дагьыстэн, Ингуш, Осетие Ищхьэрэ-Алание республикэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм. Ростов областым я спортсмен 110-м щIигъу. Ахэр я хьэлъагъ елыытауэ гупи 8 хьурт.

ЗЭ ХЬЭЗЖУЭР кьыщызэIуахым турнирым и саугъэтхэм, спортым и мастер цIэм щIэбэныну кьызэхуэса спортсменхэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ Щэджэм район администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ Къэбжьыхь Артур, кьалэ администрацэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Уэдыжь Хьэсанш, зэхьэзэхуэм и хьэщIэхэу белоспортымкIэ олимп чемпион Щыхьэу Борис, СССР-м спортымкIэ и мастер, альдж-урым бэнэкIэмкIэ Iэзэгъым и школ нэхъыщхьэм и унафэщI Жаным Асльэн сымэ. Абыхэм кьыхагъэщащ апхуэдэ зэпеуэхэм алыдж-урым бэнэкIэм зегъэужьын, спортсменхэм я Iэзэгъым хагъэхъуэн, щIалэгъуалэр зэкъуэту къэгъэтэджын и лъэныкьуэкIэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

Классикэ бэнэкIэм зи зэфIэкI щызыгъэльэгъуаэхэм якIэлыплъащ дунейпсо категорие зиIэ спортымкIэ мастерхэу - с удыя нэхъыщхьэ Трушин Владимиррэ зэпеуэм и секретарь нэхъыщхьэ Насевич Сергейрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм мы зэхьэзэхуэм фIы дыдэу зыкьыщагъэльэгъуащ икIи гупитхум бжьыпIэр щаубыдащ. Щэджэм районым и бэнэкIуэхэм ящыщу япэ зыпIэм спортым и мастер цIэмрэ Чыл Ахьмэд (кг 120-рэ, тренерыр КIэдыкIуэйрщ) кьихьащ.

КIАРЭ Элинэ.

Спартакиадэм бэр зэхуешэс

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Профсоюзхэм я федерацэм мы махуэхэм иригъэкIуэкIащ профсоюзым и рескомхэм я спартакиадэу 2011 гъэм и пащIэдзэм къыхалъхьам и 7-нэ Iыхьэр. Мыр теухуащ щIыхуэм я узынщагъэр хъумэным, ахэр жылагъуэ Iуэхуэхэм жыдэзрагъэ яхэмту хэтыным.

КъызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, мы гъэр Космонавтикэм и илъэсу зэрыщытри кьалъытащ. 2011 гъэр къызэрихьэрэ пIалъэ пыухыкIам тету ирагъэкIуэкIа зэпеуэхэм я зэфIэкI щагъэльэгъуащ мэкъумэш-промышленнэ, егъэджэныгъэ, медицинэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм я лэжьакIуи 100 бжыгъэхэм. Ахэр зэпеуащ шахматымкIэ, стIолыщхьэ теннисымкIэ, Iэпщэрыбанэ спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ, армрестлингымкIэ, мини-футболымкIэ. Зэхьэзэхуэм кьрикIуэхэр кьэзбгъэзэльагъуэмэ, абы япэ увыпIэр мэкъумэш лэжьакIуэхэм щIэнхабзэ, епIанэр егъэджэныгъэ IэнатIэхэм пэрытхэм кьахьащ. Спартакиадэм и кIэух зэпеуэу мыгувэу ирагъэкIуэкIынум сэтей кьищIынущ фIым и фIыжу зыкъэзыгъэльэгъуахэр. Абыхэм иратынущ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и щытхъу тхьилъхэмрэ саугъэтхэмрэ.

Спартакиадэр кьызэзыгъэпэщкэм зэрыжаIамкIэ, мы илъэсым ирагъэкIуэкIа зэпеуэхэм я зэфIэкI щагъэльэгъуащ мэкъумэш-промышленнэ, егъэджэныгъэ, медицинэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэ 200 бжыгъэхэм. Ахэр зэпеуащ шахматымкIэ, стIолыщхьэ теннисымкIэ, Iэпщэрыбанэ спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ, армрестлингымкIэ, мини-футболымкIэ. Зэхьэзэхуэм кьрикIуэхэр кьэзбгъэзэльагъуэмэ, абы япэ увыпIэр мэкъумэш лэжьакIуэхэм щIэнхабзэ, епIанэр егъэджэныгъэ IэнатIэхэм пэрытхэм кьахьащ. Спартакиадэм и кIэух зэпеуэу мыгувэу ирагъэкIуэкIынум сэтей кьищIынущ фIым и фIыжу зыкъэзыгъэльэгъуахэр. Абыхэм иратынущ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и щытхъу тхьилъхэмрэ саугъэтхэмрэ.

Спартакиадэр кьызэзыгъэпэщкэм зэрыжаIамкIэ, мы илъэсым ирагъэкIуэкIа зэпеуэхэм я зэфIэкI щагъэльэгъуащ мэкъумэш-промышленнэ, егъэджэныгъэ, медицинэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм я лэжьакIуи 100